*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№47 (26499)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 20 мартъи – тæргæйтты мæйы 20 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 НЫСАНТÆ
*Архитектурæйы азы мадзæлттæ*
3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ
4 УДВАРН
*Комуадзæны бæрæгбон*

**Национ проекттæ**

## Ахуырады рахæцæн – «Рæзты тæлмытæ»

**Рæзгæ фæлтæры уæлæмхасæн ахуырады хъуыддаджы ахсджиаг нысаниуæг ис сæрмагонд центртæ «Рæзты тæлмытæ»-н. Цæгат Ирыстоны хъæууон скъолаты абоны онг байгом кодтой 138 ахæм ахуырадон центры.**



«Рæзты тæлмытæ» æрвылбоны фæткыл кусынц скъолаты дæлбар, уæлæмхасæн зонындзинæдтæ та сæ райсынц мингай ахуырдзаутæ. Дæсны специалисттæ сывæллæттæн амонынц программисты дæсныйады сусæгдзинæдтæ, нымæцон технологиты бындуртæ, стæй сын, кæй зæгъын æй хъæуы, дæттынц бæстондæр зонындзинæдтæ скъолайы программæйы предметтæй дæр. «Рæзты тæлмыты» хъомылгæнинæгтимæ бынæттон специалисттæй уæлдай, кусынц республикæйы уæлдæр ахуыргæнæндæтты лектортæ дæр.

«Рæзты тæлмытæ»-н сæ сæйрагдæр нысан у хъæууон скъоладзауты ахуырадæн нырыккон æмæ æппæтвæрсыг фадæттæ аразын. Ц0ентртæ байгом кодтой национ проект «Ахуырад»-ы уагæвæрды бындурыл. Ацы азæй фæстæмæ та амынд нысаныл архайд адарддæр уыдзæн национ проект «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ»-йы фæлгæты.

**Нæ уацхæссæг**

**Æппæтуæрæсеон акци**

## «Номарæн дыргъдон»

**Ацы бонты та бирæ уæрæсейаг регионты цæрджытæ бавнæлдтой дзыллон проект «Номарæн дыргъдон»-ы мадзæлттæ æххæст кæнынмæ. Уыцы ахсджиаг акцийы архайы Цæгат Ирыстон дæр.**

Зындгонд куыд у, афтæмæй «Номарæн дыргъдон»-æн бындур æвæрд æрцыд 2020 азы, акцийы сæйрагдæр нысан у, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты чи фæмард, æппæт уыцы адæмæй алкæй номыл дæр бæлас ныссадзын. Абоны онг уал акцийы фæрцы бæстæйы регионты фæзындысты бирæ ног парктæ æмæ номарæн аллейтæ. Акцийы архайджытæ ныссагътой милуангай номарæн бæлæстæ.




Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй ацы азы дæргъы акцийы фæлгæты Цæгат Ирыстоны ныссадздзысты 9,5 мин бæласæй фылдæр. Уыимæ, «Номарæн дыргъдон»-ы архайæг суæвыны фадат ис алкæмæн дæр. Акцийы архайыны фæдыл фарстытæ бадæттæн ис РЦИ-Аланийы Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрады специалисттæм. Ацы ведомствæйы бæрны ис акцийы архайджыты бæлæсты талатæ æмæ хъæугæ кусæнгæрзтæй сифтонг кæныны фарста дæр.

«Амынд акцийы фæрцы нæ хъæбатырты рухс нæмттæ ногæй нæ зæрдыл æрлæууынц. Мадзалы архайынвæнд чи кæны, æппæт уыцы адæмæн бузныг зæгъын», – «Номарæн дыргъдон»-ы ахадындзинад фæбæрæг кæнгæйæ, йæ телеграм-каналы ныффыста Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйло.**

**Нæ уацхæссæг**

**Бынæттон хиуынаффæйад**

## Горæтæгты курдиæттæ

**Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг МИЛДЗЫХТЫ Вячеславæн радон фембæлд уыд горæты цæрджыты къордимæ. Адæм рæгъмæ рахастой сæ тыхстаг фарстатæ æмæ æндæр курдиæттæ.**

Зæгъæм, **Наталья Рудич** цæры Леваневскийы уынджы 275-æм бирæфатерон хæдзары. Уый куыд рахабар кодта, афтæмæй сæ хæдзары кæрт 50 азæй фылдæр бындурон цалцæг нал бавзæрста. Администрацийы разамонæг зæрдæ бавæрдта, амынд бирæфатерон цæрæн хæдзары кæрт ацы аз цалцæггонд кæй æрцæудзæн, уымæй. Куыстытæ сæххæст кæндзысты фæлгонцад æмæ цъæхвæлысты муниципалон программæйы фæлгæты.



Рæстмæ уынаффæ хаст æрцыд Миллеры уынджы фæндаджы иу хайы бындурон цалцæджы тыххæй дæр. Театралон фæрсылуынгмæ ‘ввахс чи цæры, уыцы адæм курдиат балæвæрдтой, цæмæй фæндагмæ зылд æрцæуа. Горæты администрацийы структурон дæлхайæдты бæрнон кусджыты хъусынгæнинагмæ гæсгæ, фæндаджы амынд участочы цалцæг ацы аз сæххæст кæндзысты. Сæ каст у æрмæстдæр «Водоканал»-ы кусджытæм – уыдон хъуамæ раивой бынæттон донуадзæн хæтæлтæ.

Фембæлдмæ чи ‘рбацыд, уыдонæй иу уыд сахъат сывæллæтты реабилитацион центр «Алания»-йы разамонæг **Хабæты Хандзариффæ** дæр. Уый сæрмагонд диплом саккаг кодта Милдзыхты Вячеславæн, администрацийы сæргълæууæг центры хъомылгæнинæгтыл кæй ауды, æххуысмæ алкæддæр цæттæ кæй вæййы, уый тыххæй.

Ахæм хæрзиуæджы тыххæй Милдзыхы-фырт бузныг загъта. «Æххуысхъуаг адæмыл, сæйрагдæр та – æнахъомтыл аудын нæ иумæйаг хæс у. Æмæ уыцы куыст дарддæр дæр кæндзыстæм. Зæгъæм, горæты рæвдауæндæтты нырмæккæ кусынц, се ‘нæниздзинад цауд кæмæн у, ахæм сывæллæттæн сæрмагонд къордтæ. Уыдоны хъомылгæнджытæ кусынц 2,4 мин сывæллонимæ. Инклюзивон ахуырад æмæ сывæллæтты хъомылады иннæ ног мадзæлттыл дæр кусдзыстæм», – бафипайдта администрацийы сæргълæууæг.

Бирæсывæллонджын мад **Гобеты Терезæ** та курдиат балæвæрдта, цæмæй йын хъæууон районтæй иуы раттой зæххы хай. Милдзыхы-фырт зæрдæ бавæрдта, фарстамæ профилон республикон министрад кæй æркæсдзæн, уымæй.

Ахæм фæткы бындурыл ныхас рауад фембæлдмæ æрбацæуæг иннæ адæмы курдиæттыл дæр. Уыдон баст уыдысты амалхъомадон проекттæ æххæст кæнынимæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæм æххуысимæ, куысты бынæттæ дæттын æмæ æндæр ахæм хъуыддæгтимæ.

Æппæт фарстатæ дæр бакодтой горæты администрацийы профилон структурон дæлхайæдты бæрны. Уыимæ, алкæцы курдиаты фæдыл дæр хаст æрцæудзæн бæлвырд уынаффæ.

**Дмитрий АСТАХОВ**

**Парламенты Советæй**

## Куыстыты æмгъуыдтæ æмæ сæ хæрзхъæддзинад

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Депутаттæ æркастысты æмæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст закъонты проекттæ æмæ закъонæвæрынадон хъæппæристæ.

Парламенты закъонæвæрынад, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар **Черчесты Аслан** æркæсынмæ рахаста «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон граждайнаг служб æйы тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» закъоны проект. Документ ахуыргæнæджы дæснын йад кæны ноджы бæрзонддæр. Черчесты Аслан куыд загъта, афтæмæй республикæйы Хицауад хæссы фæндон, цæмæй кæстæрты патриотон хъомыладмæ стыр æвæрæн бахæссæг ахуыргæнджытæ æмæ хъомылгæнджытæ хорзæхджын цæуой республикон сæрмагонд хæрзиуæгæй.



Амæй размæ депутаттæ байхъуыстой, «Горæтаг нырыккон хуыз аразын»-ы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон программæйы мадзæлттæ æххæст кæнынæн 2023-2024 азты Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрадæн республикон бюджетæй лæвæрд фæрæзтæй куыд пайдагонд æрцыд, уый сбæрæг кæныны тыххæй» Цæстдарæн нымайæн палатæйы хъусынгæнинагмæ», стæй рахастой Парламенты уынаффæ. Куыд æххæстгонд æрцыд, уый фæдыл уыд йæ раныхас цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министры хæдивæг **Надгериты Батрадзæн**. «Программæ æххæст кæныны фæлгæты 2019-2025 азты республикæйы нывылгонд æрцыд 266 æхсæнадон фæзуаты æмæ 426 бирæфатерон хæдзæртты кæртытæ. Куыстыты аргъ рауад 1 миллиард æмæ 600 милуан сомæй фылдæр. Уыдонæй 1 миллиард æмæ 300 милуаны уыдысты федералон бюджеты æхцатæ, 201 милуаны – республикон бюджеты, чи баззад, уыдон та бынæттон бюджетты æхцатæ», – загъта Надгерийыфырт. Куыстытæ куыд æххæстгонд æрцыдысты, уый бæрæг кодта Цæстдарæннымайæн палатæ, афтæмæй объекттæ цæттæ кæныны хъуыддаджы халæн цаутæ разынд Дзæуджыхъæу, Алагир, Æрыдон æмæ Горæтгæрон районты. Уыдон баст уыдысты куыстыты хæрзхъæддзинадимæ, сæ хæрдзтимæ, куыстытæн проектты цы æргътæ амынд уыд, уыдон хæлд кæй цыдысты æмæ æндæр ахæмтимæ.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Цæстдарæннымайæн палатæйы аудитор **Айларты Алан**. Куыд загъта, афтæмæй халæн цаутæ аиуварс кæнынæн, стæй, æххæстгонд чи æрцыд, уыцы ног объекттæ сæхи балансмæ райсыны тыххæй домæнтæ Палатæ барвыста бынæттон хиуынаффæйады администрацийы 11 сæргълæууæгмæ. Уыдонæй цыппар – горæттæ Дзæуджыхъæу, Æрыдон, Горæтгæрон æмæ Кировы районты администрацитæ уыцы куыст нæма сæххæст кодтой.

Фарстайы фæдыл ма æмдоклад скодта Парламенты цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады фарстаты фæдыл æмæ арæзтадон политикæйы комитеты сæрдар **Остъаты Георги**. Фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд Тускъаты Таймураз æмæ Цæстдарæн-нымайæн палатæйы сæрдар **Хъæлыцты Иналмæ.**

Советы уæнгтæ ма байхъуыстой «Ирон æвзаг æмæ культурæ, уæрæсейаг удварны хъæздыгдзинæдтæ бахъахъхъæнын æмæ сæ фидардæр кæныны архайды тыххæй» Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитеты хъусынгæнинагмæ. Раныхасгæнæг – комитеты сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Эльдар Афашоков.** Куыд загъта, афтæмæй комитеты дæлбар цы фараст дзыллон хабархæссæг фæрæзы ис, уыдон сæ бавæрæн хæссынц адæймаджы удварны хуыздæр миниуджытæ фидар кæнынмæ æмæ уæрæсейаг хуыздæр традицитæ бахъахъхъæнынмæ. Афтæ, фарстайы фæдыл ивгъуыд аз дзыллон хабархæссæг фæрæзты мыхуыргонд æрцыд 3 400 æрмæджы. Раныхасгæнæг ма дзырдта, удварны бындуртæ, ирон æвзаг æмæ ирон культурæ бахъахъхъæнынæн æрвылаз цы мадзæлттæ арæзт цæуы, уыдоныл, се ‘хсæн: чингуыты армукъатæ, æрвылазон премитæ, интерактивон равдыстытæ æмæ æндæртæ. Ныхас цыд дзыллон хабархæссæг фæрæзтæн, мыхуыр æмæ чингуытæ уадзынæн гæнæнтæ аразыныл.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты наукæ, ахуырад, культурæ æмæ информацион политикæйы комитеты сæрдар **Еленæ Князева.** Фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд депутаттæ **Реуазты Ларисæ** æмæ **Джиоты Георгимæ.**

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ,
къам систа
Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

**Хъусынгæнинаг**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты фæндзайæм æмбырд уыдзæн 2026 азы 24 мартъийы 10 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз,1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2026 азы 24 мартъийы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары бацæуæны.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**



## Дзырды фарн

*Доны гуырæн – суадон,*
*бинонты амонд – ныййарæг мад.*

*Æмбисонд*

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **20 мартъийы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **3 – 9 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 12,09 | Хурыскаст — 06,04<br>Хурныгуылд — 18,13 | Валютæйы аргъ | Доллар — 79,07<br>Евро — 91,39 | 12 + |

Комитеты æмбырдæй

# Архитектурæйы азы мадзæлттæ

**Зындгонд куыд у, афтæмæй РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ Указæй 2026 азы Цæгат Ирыстоны æххæстгонд цæуынц Архитектурæйы азы мадзæлттæ. Уыцы пъланы бындурыл азы кæронмæ цы куыст цæудзæн, ууыл æрныхас кодтой сæрмагонд хицауадон цæттæгæнæг комитеты уæнгтæ республикæйы Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг ОТАРТЫ Георгийы разамындæй.**



Фембæлды архайдтой министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ, районты сæргълæуæджытæ, архитектортæ, æндæр экспертæ.

Æмбырды райдайæны Отарты Георги куыд фæнысан кодта, афтæмæй Архитектурæйы аз саразыны тыххæй уынаффæйæн йæ сæйрагдæр нысан у амынд къабазы дарддæры райрæзтæн зæрдæзæгъгæ фадæттæ саразын.

– Архитектурæйы азы мадзæлттыл кусгæйæ, алыг кæнын хъæуы цалдæр ахсджиаг фарстайы. Фыццаджы-фыццагдæр – фæбæрзонддæр кæнын архитекторы дæсныйады кад, ацы вазыгджын архайдмæ фæсивæды æргом аздахын. Иннæмæй, сбæлвырд кæнын, хæстæгдæр азты нæ горæттæ æмæ хъæутæ арæзтадон-архитектурон уагæй куыд рæздзысты, уый. Æппæт уыцы хъуыддæгтыл кусгæйæ, хынцын хъæудзæн, куыд нырыккон архитектурæйы бындуртæ, афтæ нæ адæмы традицитæ дæр, – загъта Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг.

Комитеты æмбырды сæйраг доклад скодта республикæйы арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Бетанты Марат.** Уый ныхасмæ гæсгæ, Архитектурæйы аз кадджын уавæры байгом уыдзæн 24 апрелы креативон индустриты форум «Этно – Мы»-йы фæлгæты. Уымæй уæлдай, азы дæргъы арæзт æрцæудзæн бирæ алыхуызон сæрмагонд мадзалы: равдыстытæ, конкурстæ, конференцитæ æмæ афтæ дарддæр.

Арæзтад æмæ архитектурæйы æмæ Ахуырады министрадтæ скъолаты хистæркъласонтæн иумæйаг хъарутæй сараздзысты профориентацион семинартæ, зонгæ сæ кæндзысты архитектурæ æмæ арæзтады бындуртимæ. Æрыгон архитектортæ æмæ студентты та фæхондзысты «Архитектурон практикум» æмæ æндæр ахуырадон мадзæлттæм. Уыцы куысты архайдзысты Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институт æмæ æндæр профилон ахуыргæнæндæтты специалисттæ дæр.

Бетанты Мараты ныхасмæ гæсгæ, Архитектурæйы азы мадзæлтты архайдзысты Культурæйы удварны хæзнатæ хъахъхъæныны фæдыл республикон комитеты минæвæрттæ дæр. Уыцы комитеты специалисттæ мыхуырмæ бацæттæ кæндзысты Дзæуджыхъæуы истори æмæ культурæйы цыртдзæвæнты аив фæлгонцгонд чиныг. Рауагъды презентаци дæр уыдзæн Архитектурæйы азы мадзæлтты фæлгæты.

Сентябры мæйы та Дзæуджыхъæу суазæг кæндзæн Дунеон архитектурон форумы архайджыты.

Æмбырды архайджытæ хорзыл банымадтой ацы æмæ иннæ мадзæлтты номхыгъд, бахастой йæм фиппаинæгтæ æмæ уæлæфтуантæ. Отарты Георги профилон министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæн бахæс кодта, цæмæй Архитектурæйы азы мадзæлттæм уа бæстон цæстдард.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Мæздæджы районæй

# Арфæтæ – хуыздæр ахуыргæнджытæн

**Куыд республикæйы иннæ муниципалитетты, афтæ Мæздæджы районы дæр æххæстгонд цæуынц хуыздæр ахуыргæнджытæ æмæ хъомылгæнджыты сбæрæг кæныны фæдыл республикон конкурсы бынæттон къæпхæны мадзæлттæ.**



Ахуырады кусджыты профессион дæсныдзинады конкурсы архайынвæнд чи скодта, уыцы специалистты дæсныдзинадæн аргъ кодта сæрмагонд къамис. Гом урoктæ, семинартæ æмæ æндæр ахуырадон-хъомыладон мадзæлттæ саразгæйæ, конкурсанттæ равдыстой сæ арæхстдзинад. Æмæ ныр конкурсон къамис хуыздæрты нæмттæ сбæрæг кодта.

Афтæ, номинаци «Азы хъомылгæнæг»-ы уæлахиз-дзауыл нымад æрцыд **Наталья Косивченко** (Мæздæ-джы 9-æм рæвдауæндоны минæвар). Уымæй уæлдай, конкурсон къамисы уынаффæйæ сæрмагонд хæрзиуджытæ саккаг кодтой иннæ рæвдауæндæтты кусджытæ – **Лия Хачатурян, Мадина Израова, Нуне Макарян** æмæ **Виктория Федоренкойæн.**

Номинаци «Азы ахуыргæнæг»-ы хуыздæрыл нымад æрцыд Мæздæджы 7-æм скъолайы минæвар **Татьяна Жатикова**. Ацы номинацийы сæрмагонд призтæ райстой **Светлана Лукожева, Марина Великая** æмæ **Альбина Кагаова**.

Уæлахиздзаутæ æмæ призертæй уæлдай, конкурсы дипломтæ саккаг кодтой ерысы архайджыты иннæ къордæн дæр.

Республикон конкурсы муниципалон къæпхæны уæлахиздзаутæ æмæ иннæ архайджытæн арфæтæ ракодта Мæздæджы районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Станислав Никифоров**.

**Нæ уацхæссæг**

Æхсæнад

# Патриотон проект «Хъæбатырдзинады фæндæгтыл»

**Фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы хайад РЦИ-Аланийы æмæ интеллектуалон клуб «Альбус», (йæ разамонæг Бориты Жаннæ), сарæзтой ахуырадон проект «Хъæбатырдзинады фæндæгтыл».**




Йæ сæйраг нысан у æрыгон фæсивæды патриотон хъомылад. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы хъæбатырдзинад – сты Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты лæгдзинады ирд дæнцæг. Уыдоныл ахуыр кæны ныры фæсивæд.

Республикæйы скъолаты арæзт æрцыд 30 мадзалæй фылдæр: лекцитæ, ветерантимæ фембæлдтытæ, интеллектуалон ерыстæ, телевикторинæтæ. Историктæ, политологтæ, æхсæнадон архайджытæ ахуырдзаутæн радзырдтой, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты советон адæм цы хъæбатырдзинад равдыстой, уый тыххæй. Ахæм фембæлдтыты сæйраг архайджытæ сты сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæ. Уыдон сын радзырдтой сæ мысинæгтæ æмæ лæвæрдтой ныстуантæ.

Проект республикæйы æххæстгонд цæуы Сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеранты ассоциацийы хайад, Адæмон фронт, РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрад æмæ Фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитеты æххуысæй. Проектæн финансон æххуыс кæны Президентон грантты фонд.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Царды фæзилæнтæ

# Ис ма Хуыцауысконд адæймæгтæ

«Мыхуыры хæдзар»-æй иуцасдæр дæлæмæ куы ныууайай, уæд дзы ис хилдасæн. Уым мæ сæр сæлвынын сфæнд кодтон. Дыууæ сылгоймаджы дзы архайдтой, æмæ мæ чысыл æнхъæлмæ кæсын бахъуыд.

Сæ иу мæ æрбадын кодта. Куы йæ базыдта, ирон дæн, стæй ирон газеты кусын, уæд ын æхсызгон уыд, ме 'мбал, дам, æндæр адæмыхаттæй у, æмæ мæ искæимæ ирон ныхас акæнын фæфæнды. Ирон фæрнджын хæдзарæй чи рацыд, ахæм сылгоймаг уыд: царв дæр кæм цагътой, цыхт дæр кæм ахстой æмæ æндæр хъуыддæгтæ. Уæдæ йæ къухарæхст дæр бæрæг уыд – зæрондæй мæ лæппуйы хуызæн акодта...

Фæндаджы сæрты æрбахызтæн. Æдзух куыд вæййы, афтæ æрлæууæнмæ æввахс лæууы такси. Уым ацæргæ сылгоймаг цæуылдæр йæ къах скъуырдта æмæ зæххыл сæмбæлд. Йæ разы цы лæг æмæ ус лæууыд, уыдон æм фæрæвдз сты æмæ йæ йæ къæхтыл слæууын кодтой. Уыйас ын ницы уыд, фæлæ бæрæг уыд, иунæгæй ныууадзæн æй кæй нæй, уый. Уыдон таксийы кусæгмæ æрхатыдысты, цæмæй йæ йæ хæдзарыл сæмбæлын кæна. Æз сæм дæрддзæф лæууыдтæн, æмæ мæм сæ ныхас нæ хъуыст, фæлæ се змæлдæй бæрæг уыд, таксийы хицау фæндаггаг æгæр бирæ кæй агуырдта æмæ уый хъыгдардбаййафæг сылгоймаджы зæрдæмæ кæй нæ фæцыд, уый. Æххуысы къух æм чи бадардта, уыцы лæг æмæ ус таксистæн сæхи дзыппæй бафыстой, цы агуырдта, уый, æмæ сылгоймаджы афæндараст кодтой, сæхæдæг уынджы дæларм-уæларм фæраст сты.

Æз зæрдæрухсæй сыздæхтæн мæ кусæн бынатмæ, Хуыцауысконд адæймæгтæ дæр ма кæй ис, ууыл хъуыдыгæнгæйæ.

# Æрдзимæ хæларæй цæр

Куыд тыхджын у æрдз! Сомихы службæгæнгæйæ-иу Арараты хохмæ куы скастæн, уæд-иу мæ цæстытыл мæ мидфæлгæнæны ауайын кодтон, ацы хохы цъуппыл кæддæр Нойы бæлæгъ куыд бандад, уый. Уæд уыдис доны хъаймæт. Донивылд афтæ тыхджын уыд æмæ Араратæ хохы цъуппы онг схæццæ. Уæдæ мæ уырдыгæй Камчаткæмæ куы арвыстой ме 'фсæддон службæ адарддæр кæнынмæ, нæ уæды бæстæйы стырдæр нау «Советон Цæдис»-ыл, уæд мæм, фурды ленк кæнгæйæ, афтæ егъау нал каст. Уылæнтæ-иу урс бæзджын барц æфсургъ бæхтау сæ фæстæгтыл алæууыдысты æмæ-иу науы тъæпæнмæ сгæпп кодтой. Мæнæ фæдæлдон стæм, уæд фурдæн йæ хъуыртты дæр нал фæзындаиккам. Уæдæ-иу Камчаткæйы зæххыл зынгкалæг хох йæ хъæлæсæй цæхæртæ куы скалдта, уæд-иу дзы Петропаловск-Камчатскийы горæтмæ дæр къæрттытæ æрбахауд.

Куыд тыхджын у æрдз! Иуафон ма мæ куыстæй хæдзармæ тыххæй-фыдæй æрирвæзтæн. Æрдз æгуыппæг сабыр у, уæд та æнхъæлмæ кæс бæллæхтæм. Мигътæ, цыма, здыйæ конд уыдысты, уыйау зæхмæ уæз кодтой. Уалынмæ райдыдта!.. Арв æмæ зæхх кæрæдзийы хостой! Дымгæ нæ сарайы шифертæй иу стыдта, фæлæ ма цæуылдæр хæцыдис æмæ йæ тъæпп-тъæпп цыд. Зæгъын æй ныртæккæ куы стона æмæ сарайы куы фæмидæг уа, уæд ын йæ сæр сисдзæн. Куыддæртæй асин сæвæрдтон сарайы фæстаг къулмæ æмæ шифер телæй бабастон уæладзæнтæй иумæ. Уæд мæ мæгуыр мад та (мæгуыр уыд, уæдæ цы, мæ фæлдурæджджын митæн чи фæбыхста) йæ фæстæ кæттаг рацæйласта, мæ цæхæратæ, дам, амбæрзон, æндæра сæ их куы ныссыхырна кæна, уæд ма уын цæхæраджынтæ цæмæй кæндзынæн. Йæ кæттаг-иу ын дымгæ йæ къухтæй раræдывта.

Тыхджын у æрдз! Дымгæ хæдзæртты сæртæ дæр сисы, лæджы сæрæй худ сисæгау. Æз та уæд дымгæйы бардуаг Галæгонæн худистæй лæгъзтæ, табу фæкæнын, цæмæй нæ фыдбылызæй хиза. Æмæ нын æндæр гæнæн нæй. Æрдзы митæ цыфæндыхуызон уой, уæддæр сын быхсын хъæуы. Æрдзимæ хæларæй цæр æмæ хæр!..

**АБАЙТЫ Эдуард**

Ничи ферох, ницы ферох

# Голайы ном рохуаты нæ баззад

**Хæст куы банцад æстай азы размæ, уæд уый æнхъæл чи уыдис, æмæ ма искæд нацизм фæстæмæ сног уыдзæн, йæ дадзинты туг ацæудзæн, йæ къухмæ хæцæнгарз райсыны фадат ын фæуыдзæн. Фæлæ, хъыгагæн, истори ногæй æрзилы, æмæ, абон Украинæйы цы цаутæ цæуы, уыдон уымæн – æвдисæн.**

Нацисттæн, Бандерæ æмæ Шухевичы байзæддæгтæн, лæгмартæн сæ ных ничи къуыры, æмæ гитлеронтæ цы фыдмитæ арæзтой Советон Цæдисы горæттæ æмæ хъæуты оккупацийы рæстæг, уыдон дæр уыдæттæ аразынц. Тугдзых сырд туджы ад куы бамбары, уæд ын бауромæн куыд нал вæййы, афтæ, нырыккон нацисттæ хурхæй марынц, Уæрæсеимæ йæ хъысмæт чи сбаста, уыцы сабыр цæрджыты. Алкæйы зæрдæйы дæр æвзæры уый фæдыл маст, фæлæ, Украинæйы зæххыл æнусмæ хуысгæ йæ фыд, йе 'фсымæр кæмæн баззад хæсты рæстæджы, уыдонæн та, æвæццæгæн, бынтон зын сты уыцы æнæраст хъуыддæгтæ.



Ахæм æнкъарæнтæ æвзæры, Раздзогæй фæцу æмæ ма 'рцуйы фæндагыл чи араст æмæ хæсты арты чи басыгъд, уыцы хъæбатыр Къозаты Голайы байзæддæгтæм дæр. Йæ чызг Джыбылаты Залисмын æрхæндæгæй дзырдта, къорд азы разæй, нæ паддзахæдты ахастдзинæдтæ ма дзæбæх куы уыдысты, уæд Украинæйæ сæрмагондæй кæй ссыд лæг, ахуыргæнæг Василий Белоус, кæцы базонгæ Голайы бинонтимæ, стæй культурæйы артдзæсты Раздзоджы цæрджыты æрæмбырд кодта æмæ сын радзырдта се 'мзæххоны хъысмæты тыххæй.

Белоус разамынд лæвæрдта горæт Холмскы 43-æм скъолайы сырх фæдсгарджыты къордæн. Уыдон сбæлвырд кодтой Приднепровьейы партизанты къорды хæстон фæндаг.

...Цыд 1943 азы дыккаг мæй. Нæ патриоттæ суæгъд кодтой горæт Никополмæ хæстæг лагерæй не 'фсæддонты. Фашистон уацарæй ратыдтой 60 адæймаджы. Женя Никута, Галина Основенко æмæ Шура Соколянская партизанты хæслæвæрдмæ гæсгæ куыстой Никополы Хуссар-хæтæлты заводы. Завод немыц фæстæмæ скусын кæнынмæ хъавыдысты. Цехты хæлддзæгтæ æддæмæ хастой советон уацайрæгтæ. Иухатт сихорафон кранил кусæг чызг бацыд Къозаты Голамæ æмæ йын «бустæхуызæй» бауайдзæф кодта, дæхиуыл цæмæ ауæрдыс, куы ныммæлай, уымæй, дам, тæрсыс? Цæугæ æмæ, дам, уæртæ уыцы агуыридуртæ де 'мбалимæ сæ бынаты сæмбæлын кæнут. Немыцæгтæ йæм разыйы каст кодтой, чызг уацайрæгтыл кæй хъæр кодта, уый сын æхсызгон уыд. Чызг та ныллæг хъæлæсæй дзуры Голамæ:

– Уæртæ бырæттæй чи байдзаг, уыцы хæтæл у ацæуæн.

Гола бамбæрста чызджы хиндзинад, бамбарын æй кодта



йе 'мбал Евгенийæн дæр. Кранил бадæг чызгмæ кæсынц, æмæ сæм йæ сæрæй куы ацамыдта, цæугæут, зæгъгæ, уæд сæм цыдæр ныфс фæзынд. Абырыдысты хæтæлы, разынд сæм рухсы цъыртт, уый фæстæ къудзитæ, хæлд сара...

Æвæццæгæн, суткæйы бæрц фæцыдысты Гола æмæ Евгений хурыскæсæнырдæм, фæндагыл ма сыл бафтыдысты, партизан чызджытæ кæй суæгъд кодтой, ахæм уацайрæгтæ. Сæ иу – Петр Калугин, Кубаны скъолайы раздæры директор. Иннæ – Семин, мидхæсты архайæг. Калугины къорд размæ цыд Днепропетровскы, Николаевы, Кировограды облæстты быдырты, стыр зиантæ кодта знагæн, афтæмæй. Фæлæ 1943 азы февралы Калугины къорд бахауд знаджы къæппæджы, æмæ дзы тынг бирæ фæхъуыд. 15 цæфы дзы немыцæгтæ баластой Новомосковскмæ æмæ сæ уым, раздæры педагогон институты амардтой.

Фæстæдæр къорды раздзог сси лейтенант Олег Сутормин, нæхи горæты уæлдæр скъолатæй иуы студент. Иуцасдæры фæстæ бахаудысты фашистты къухмæ. Амардтой Оледжы, Къозаты Гола цы къорды уыд, уый уæнгтимæ. Гитлеронтæ сæ цагътой автоматтæй, калдтой сæ горæт Днепродзержинскмæ хæстæг лæбырдты.

Голайы ном рохуаты нæ баззад. Украинæйы, Кубаны æмæ Ирыстоны сырх фæдсгарджытæ раргом кодтой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты историйы сыфтæй иу. Йæ цардæмбал Парсиаты чызг Дусетхан æм мæрдтæм йæ цæстытæ гомæй бахаста. Хæстоны байзæддæгтæ Къоста æмæ Чермен (рухсаг уæнт), йæ чызг Залисы цот, уыдоны цот кад æмæ цыт кæнынц сæ бабайæн. Æнæмæнг та йын ссардзысты йæ ном 9 Майы, Цытджын Уæлахизы бон.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Барадон фæтк

# Карз нозты азарæй...

**Республикæйы цæрджытæй иуы ныхмæ арæзт уголовон хъуыддагмæ Дзæуджыхъæуы Терчыфалейы районы прокуратурæйы зылынгæнæн хатдзæгмæ ацы бонты æркаст тæрхондон.**

Прокуратурæйы зылынгæнæн хатдзæг хынцгæйæ, тæрхондон нæлгоймаджы банымадта азымджыныл УФ-йы Уголовон кодексы 264.1-æм статьяйы 1-æм хайы («Административон æгъдаухæлды тыххæй йæ шофыры бартæй кæй фæиппæрд кодтой, уыцы адæймаг ногæй ноздджынæй хæдтулгæйы рулыл бабадт») бындурыл.



Оперативон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, административон æгъдаухæлды тыххæй раздæр æфхæрд чи баййæфта, уыцы шофыр 2025 азы августы бонтæй иуы ногæй хæдтулгæйы рулыл бабадт. Афтæмæй йæ баурæдтой фæндаггон-патрулон службæйы кусджытæ. Нæлгоймаг ноздджын кæй уыд, уый инспектортæ уайтагъд рахатыдысты æмæ йын йæ хæдтулгæ иварон фæзмæ акодтой. Æгъдаухалæджы уавæрмæ дохтыр куы 'ркаст, уæд уый бафидар кодта инспекторты цæстуынгæ хатдзæгтæ.

Уголовон хъуыддаджы æппæт æууæлтæм æркæсгæйæ æмæ прокуратурæйы зылынгæнæн хатдзæг хынцгæйæ, тæрхондон азымджынæн снысан кодта æнæмæнг æххæстгæнгæ куыстыты 200 сахаты. Уыимæ, нæлгоймагæн хæстæгдæр 2 азы дæргъы нæ уыдзæн транспортон фæрæзты архайдимæ баст куыст æххæст кæныны бар дæр.

Æмæ æрмæст уый нæ. Прокуратурæйы курдиатмæ гæсгæ, æгъдаухалæджы хæдтулгæ ист æрцыд паддзахады пайдайæн.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

## 23 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Павел. Первый и последний» 16+
00.05 Время героев 16+
01.05, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «Московская борзая» 12+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Алла-такси» 12+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Мертвая точка» 16+
22.10 Т/с «Канцелярская крыса. Большой передел» 16+
00.35 «Ч.Т.Д» с Маргаритой Симоньян 16+
01.10 Т/с «Потерянные» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.30, 06.10, 06.50, 07.40, 09.30 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
08.05 Фирменный рецепт 12+
08.40 Знание-сила 12+
09.45, 10.40, 11.30, 12.20, 13.30, 13.40, 14.30, 15.20, 16.10 Т/с «Великолепная пятерка-4» 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.45, 20.40, 21.25, 02.05, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.15 Д/ф «Первые в мире» 16+
07.35 Черные дыры. Белые пятна 16+
08.15 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
08.45 Х/ф «Приехали на конкурс повара...» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 00.55 XX Век 16+
11.45, 01.20 Х/ф «Цвет белого снега» 16+
12.45 Новости Подробно. Арт 16+
13.00 Д/ф «Дмитрий Блохинцев. Человек эпохи» 16+
14.00 Х/ф «В поисках капитана Гранта» 0+
15.05, 02.05 Д/ф «Дмитрий Кузнецов. Где гуляет душа обнаженной...» 16+
15.55 Агора 16+
17.15 Линия жизни 16+
18.05 Д/ф «Самара» 16+
18.35 Рассказы из русской истории 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Монолог в 4-х частях 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Д/ф «Не забудьте наши голоса» 16+
21.30 Нескучная классика... 16+
22.15 Х/ф «Пассажирка» 12+
00.10 Дубна. Рождение мира 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Непобедимый 12+
06.30 Биатлон с Дмитрием Губерниевым 12+
07.00, 09.00 Новости
07.05, 11.45, 15.05, 23.35 Все на Матч! 12+
09.05 Бокс. Кубок России. Мужчины. Финалы. Трансляция из Самары 16+
09.55, 17.15 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
10.55, 12.10 Скелетон. Чемпионат России. Мужчины. Прямая трансляция из Сочи
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25, 15.30 Бобслей. Чемпионат России. Мужчины. Двойки. Прямая трансляция из Сочи
16.15 Д/ф «Неймар. Номер один в Бразилии» 12+
18.15 Громко. Прямой эфир
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
00.30 Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура 6+
01.30 Вопреки всему 12+
02.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. «Зенит» (Санкт-Петербург)-«Локомотив-Кубань» (Краснодар) 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Дзюдо. Турнир «Большого шлема» 12+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Смех, дрожь и видео 16+
08.45 Т/с «Дела житейские» 16+
10.40, 00.35 Петровка, 38 16+
10.50 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Х/ф «Таежный детектив» 12+
13.45, 05.00 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Кочевница» 12+
16.55 Д/ф «Легенды эстрады» 16+
18.10 Х/ф «Черные начинают-белые выигрывают. Сицилианская защита» 16+
22.35 10 самых... 16+
23.05 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час
00.50 Д/ф «Тайная комната» 16+
01.30 Д/ф «Погасить звезду» 16+
02.10 Д/ф «Дорогие товарищи» 16+
04.20 Короли эпизода 16+
05.30 Д/ф «Большое кино» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 04.10 Одна за всех 16+
06.55, 05.50 По делам несовершеннолетних 16+
08.00, 05.00 Давай разведемся! 16+
09.00, 02.30 Тест на отцовство 16+
11.05, 23.05 Д/с «Понять. Простить» 16+
12.05, 00.15 Д/с «Порча» 16+
13.10, 01.10 Д/с «Знахарка» 16+
13.45, 01.35 Д/с «Верну любимого» 16+
14.20, 02.05 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.55 Х/ф «Смертельный тренинг» 16+
19.00 Х/ф «Помоги себе сама» 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 00.55, 04.30 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00, 20.00 Безумные факты 16+
17.00, 01.50 Тайны Чапман 16+
20.25 Х/ф «Перекресток» 16+
22.35, 23.25 Х/ф «Криминальный город. Возмездие» 16+

### СТС
06.00 М/ф «Рок дог-2» 6+
06.35, 05.50 Т/с «ДомоЧАТцы» 16+
06.45 100 мест, где поесть 16+
07.35 Тайный миллионер 16+
10.00, 19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Граница миров» 16+
21.00 Х/ф «Мастер» 16+
23.25 Х/ф «Крушение» 16+
01.30 Х/ф «Чужак» 18+
03.00 Х/ф «Танцуй отсюда!» 16+
04.30 М/ф «Рок дог-3. Битва за бит» 6+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
08.55 Выжить в Стамбуле 16+
16.00, 16.40, 17.05, 17.40, 18.00, 18.35 Т/с «Праздники» 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Гуляй, шальная» 16+
21.00, 21.30, 22.00, 22.30 Т/с «Телохранители» 16+
23.00 Х/ф «Быть» 12+
01.10 Х/ф «Таинственный сад» 6+
02.45, 03.35, 04.20 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 24 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Павел. Первый и последний» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «Московская борзая» 12+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Алла-такси» 12+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.40, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Мертвая точка» 16+
22.10 Т/с «Канцелярская крыса. Большой передел» 16+
00.35 Захар Прилепин. Уроки русского 12+
01.05 Т/с «Потерянные» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25 Х/ф «Классик» 16+
06.35, 07.15 Они потрясли мир 16+
08.05 Страна советов 16+
08.40 Знание-сила 12+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05, 13.30, 14.20, 15.15, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-4» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.50, 20.40, 21.25, 02.00, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.15 Театральная летопись 16+
07.45, 00.15, 18.45 Дубна. Рождение мира 16+
08.25 Х/ф «Пассажирка» 12+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 00.55 XX Век 16+
12.45 Новости Подробно. Книги 16+
13.00 Д/ф «Николай Боголюбов. Два храма» 16+
13.45 Х/ф «В поисках капитана Гранта» 0+
14.50 Линия жизни 16+
15.45 Сати. Нескучная классика... 16+
16.30 Эрмитаж 16+
17.15, 02.00 Музыка эпохи Барокко 16+
18.05 Д/ф «Алексей Бартошевич. Сладкий яд театра» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Монолог в 4-х частях 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Искусственный отбор 16+
21.30 Белая студия 16+
22.15 Х/ф «День ангела»
23.30 Д/ф «Рассекреченная история» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Непобедимый 12+
06.30 Неизвестные страницы Кубка мира 12+
07.00, 09.00 Новости
07.05, 11.35, 15.05, 23.35 Все на Матч! 12+
09.05 Специальный репортаж 12+
09.25 География спорта 12+
09.55 Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура 6+
10.55, 12.20 Скелетон. Чемпионат России. Женщины. Прямая трансляция из Сочи
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25, 15.30 Бобслей. Чемпионат России. Женщины. Монобоб. Прямая трансляция из Сочи
16.15 Д/ф «Пеле. Король футбола» 12+
17.15 Мир РПЛ. Прямой эфир
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
00.30 Футбол. Чемпионат Италии. Обзор тура 6+
01.30 Вопреки всему 12+
02.00 Волейбол. Чемпионат России. Суперлига. Женщины. 1/2 финала 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Дзюдо. Мировой тур. Турнир «Большого шлема». Трансляция из Грузии 12+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.40 Т/с «Дела житейские» 16+
10.35 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Х/ф «Таежный детектив. Тайна Черного болота» 12+
13.45, 05.00 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Кочевница» 12+
16.55 Д/ф «Легенды эстрады» 16+
18.10 Х/ф «Черные начинают-белые выигрывают. Покерфейс» 16+
22.35 Закон и порядок 16+
23.05 Д/ф «Плохие парни» 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Следствие ведет КГБ» 16+
01.30 Д/ф «90-е Атака целителей» 16+
02.10 Д/ф «Дорогие товарищи» 16+
04.20 Короли эпизода 16+
05.30 Д/ф «Большое кино» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.40, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.40, 02.25 Тест на отцовство 16+
10.45, 23.00 Д/с «Понять. Простить» 16+
11.50, 00.05 Д/с «Порча» 16+
12.55, 01.05 Д/с «Знахарка» 16+
13.30, 01.30 Д/с «Верну любимого» 16+
14.05, 02.00 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.40 Х/ф «Одноклассники смерти» 16+
19.00 Х/ф «Помоги себе сама» 16+
04.05 Одна за всех 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 00.30, 04.30 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
10.00 СОВБЕЗ 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 100 вопросов обо всем 16+
17.00, 01.30 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Операция «Наполеон» 16+
22.15, 23.25 Х/ф «Кровь за кровь» 16+

### СТС
06.00 100 мест, где поесть 16+
08.35 Х/ф «Мальдивы подождут» 16+
10.25 Т/с «Солнце, море, два ствола» 16+
16.55, 19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Граница миров» 16+
21.00 Х/ф «Гнев» 16+
00.05 Х/ф «Переговорщик» 16+
02.30 Х/ф «Белый слон» 18+
03.55 Х/ф «При чем тут Любовь?» 16+
05.35 Т/с «ДомоЧАТцы» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 15.50, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
16.20, 16.45, 17.10, 17.40, 18.05, 18.35 Т/с «Праздники» 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Гуляй, шальная» 16+
21.00, 21.30, 22.00, 22.30 Т/с «Телохранители» 16+
23.00 Х/ф «Горько!» 16+
00.55 Х/ф «Не одна дома» 6+
02.15, 03.00, 03.45, 04.30 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 25 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Павел. Первый и последний» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «Московская борзая» 12+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Алла-такси» 12+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.30, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Мертвая точка» 16+
22.10 Т/с «Канцелярская крыса. Большой передел» 16+
00.35 Мы и наука. Наука и мы 12+
01.35 Т/с «Потерянные» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.50, 06.25, 07.10, 08.00, 09.30, 04.40 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
08.25 Стройнадзор 16+
09.55, 10.40, 11.30, 12.20, 13.30, 13.40, 14.30, 15.20, 16.10 Т/с «Великолепная пятерка-4» 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.45, 20.40, 21.25, 02.05, 02.45, 03.25, 04.05 Т/с «След» 16+
22.20, 01.20 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.15 Театральная летопись 16+
07.45, 00.15, 18.45 Дубна. Рождение мира 16+
08.30 Х/ф «День ангела»
09.40 Кристальные истории 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 00.55 XX Век 16+
12.45 Новости Подробно. Кино 16+
13.00 Д/ф «Михаил Мещеряков. Монумент» 16+
13.55 Х/ф «В поисках капитана Гранта» 0+
15.05 Эпизоды. Елена Козелькова 16+
15.45 Белая студия 16+
16.30 Библейский сюжет 16+
17.15, 02.00 Музыка эпохи Барокко 16+
18.00 Д/ф «Давид Смелянский. Авантюрист поневоле» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Монолог в 4-х частях 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Абсолютный слух 16+
21.30 Власть факта 16+
22.15 Х/ф «Жизнь и удивительные приключения Робинзона Крузо» 0+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Непобедимый 12+
06.30 География спорта 12+
07.00, 09.00 Новости
07.05, 10.55, 15.05, 16.10, 17.20, 18.30, 23.35 Все на Матч! 12+
09.05 Специальный репортаж 12+
09.25 Вид сверху 12+
09.55 Футбол. Чемпионат Италии. Обзор тура 6+
11.45 Скелетон. Чемпионат России. Смешанные команды. Прямая трансляция из Сочи
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25, 15.30 Бобслей. Чемпионат России. Женщины. Двойки. Прямая трансляция из Сочи
16.35, 17.45 Бобслей. Чемпионат России. Мужчины. Четверки. Прямая трансляция из Сочи
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/8 финала. Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
00.30 Д/ф «Неймар. Номер один в Бразилии» 12+
01.30 Вопреки всему 12+
02.00 Волейбол. Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. 1/4 финала 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Дзюдо. Мировой тур. Турнир «Большого шлема». Трансляция из Грузии 12+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.40 Т/с «Дела житейские» 16+
10.35 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Х/ф «Таежный детектив. Охота на мамонта» 16+
13.45, 05.00 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Кочевница. Орфей из Рыбинска» 16+
16.55 Д/ф «Легенды эстрады» 16+
18.10 Х/ф «Черные начинают-белые выигрывают. Мастер игры в Го» 16+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Хроники московского быта 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Русские тайны» 16+
01.30 Знак качества 16+
02.10 Мифы о еде 16+
04.20 Короли эпизода 16+
05.35 Москва резиновая 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 06.10 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 05.20 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.25 Тест на отцовство 16+
10.30, 22.55 Д/с «Понять. Простить» 16+
11.35, 00.05 Д/с «Порча» 16+
12.40, 01.05 Д/с «Знахарка» 16+
13.15, 01.30 Д/с «Верну любимого» 16+
13.50, 02.00 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.25 Красивая и счастливая 45+ 16+
14.40 Х/ф «Тот, кто рядом» 16+
19.00 Х/ф «Из сердца прочь» 16+
04.05 Одна за всех 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 00.40, 04.30 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Документальный спецпроект 16+
10.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Момент в истории 16+
17.00, 01.40 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Автобан» 16+
21.45, 23.25 Х/ф «Феррари» 16+

### СТС
06.00 100 мест, где поесть 16+
09.40 Т/с «Митрич» 16+
14.50, 19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Граница миров» 16+
21.00 Х/ф «Стукач» 16+
23.20 Х/ф «72 часа» 16+
01.05 Х/ф «88 минут» 16+
02.45 Кино в деталях с Федором Бондарчуком 18+
03.35 Х/ф «Слон по имени Бенджамин» 12+
05.05 Х/ф «Любовь от всех болезней» 16+

### ТНТ
